

Konnen siy alèt yo aprè gwosès la — Sa ka sove lavi w

Pifò fanm viv yon gwosès an sante, men gen kèk siy alèt aprè gwosès ki kapab siy pwoblèm ki pi grav, ki ka menase lavi w ou ak lavi ti bebe w la. Ou dwe atantif ak Kò w. **Si w gen nenpòt nan siy alèt sa yo, pale ak pwofesyonèl swen sante w la tousuit oswa rele 911.**



Gwo tèt fèm al oswa chanjman kapasite pou wè



Panse swid oswa fè tèt ou, ti bebe w la oswa yon lòt moun mal*



Doulè nan pwatrin oswa kèk ap bat twò vit oswa k ap sote batman



Yon bra oswa yon janm wouj oswa anfle



Yon tanperati ki 100.4 degre Farenay oswa ki pi wo



Sezaryèn oswa epizyotomi (dechiri nan vajen) ki pa geri



Kriz epilepsi, kote ou ka gen mouvman ki etranj (tankou tranbleman oswa sekous) ak/oswa konfizyon



Senyen nan vajen ki fè w pase youn oswa plizyè kotèks pou chak èdtan oswa ekoulman ki pi abondan oswa ki degaje yon moven sant

*Si oumenm oswa yon moun ou konnen te panse sou swid, kontakte NYC Well pou ou pale ak yon konseye 24/24 7/7: Rele 888-692-9355, voye "WELL" nan 65173 oswa tchat sou entènèt sou nyc.gov/nycwell.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen gen risk imedyat oswa an danje imedyat, ale nan sal ijans oswa rele 911.

Pou plis enfòmasyon konsènan siy alèt yo, pandan ak aprè gwosès, mande founisè w la pou yon kat pou w "Know the Warning Signs" (Konnen siy alèti yo) oswa ale sou nyc.gov/health epi chèche "**maternal health**" (sante matènèl).